


La Bib pou ti moun prézanté

Jezi ak Laza



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Mari ak Mat (Marthe) t ap kriye.
Laza, frè yo a, te malad, malad
anpil. Sè yo te konnen li
te kapab mouri byento.
Yo te voye chache Jezi.
Li te renmen ti fanmi
sa a nan Betani.



Lè Jezi te aprann nan ki eta Laza te ye, li te di disip li yo : "Maladi sa a p ap fini ak lanmò." Malgre Jezi te lwen plis pase plizyè kilomèt, li te konnen egzakteman sa Laza te genyen.



3

Jezi te tann de jou anvan li te ale Betani. Apre sa, li te di yon bagay ki te etone disip li yo. "Laza mouri. Mwen kontan mwen pa te la, pou nou kapab kwè." Ki sa pawòl etranj sa yo te vle di ? Kisa Jezi t apral fè ?



4

Lè Jezi te rive Betani, Laza te genyen kat jou depi li mouri. Kò li, vlope nan yon dra, te nan yon tonm ki te sanble ak yon gwòt.



5

Mat te vin rankontre Jezi. "Frè w la ap viv ankò, Jezi te di li." Mat te reponn : "Mwen konnen, lè rezirèksyon an ap fèt nan dènye jou a." Li te panse li t ap oblije tann jouk nan fen tan an pou l wè Laza ankò. Men, Jezi te vle di yon lòt bagay.




6

"Mwen se rezirèksyon an ak lavi a," Jezi te di Mat. "Sila ki kwè nan mwen ap viv pou tout tan, menm si li mouri." Mat te kwè nan Jezi. Li te konnen li se te Pitit Bondye a. Men, kijan li te ka ede Laza ?



7

Tout moun te tris paske Laza te mouri. Sè li a Mari t ape kriye, menm jan ak zanmi l yo ki t ap eseye konsole li. Jezi te kriye tou.



8

Jezi te vini ak moun yo
jouk nan tonm lan. Yon
gwo wòch te bouche
antrè a.



9

"Retire wòch la", Jezi te bay
lòd. "Senyè", Mat te reponn,
"li gen move sant, paske
li mouri depi kat jou."



10

Sou lòd
Jezi, mesye yo
te woule wòch la.
Après sa, Jezi te
priye Papa li ki nan
syèl la. Jezi t apal
fè yon mirak ki tèlman
gwo pèp la t apal
konnen se Bondye ki
te voye li.



11

Jezi te rele
byen fò : "Laza,
soti !" Moun yo ki
te devan tonm
nan te sezi. Èske
Jezi te ka
resisite yon moun
ki mouri ?



12

WI !
Laza te
soti, men
l ak pye l
yo te vlope
nan bandaj
- VIVAN !



13

Jezi di yo : "Devlope li, epi kite l ale."
Ala yon lajwa sa te ye ! Dlo nan je yo
te tounen ri. Jezi te kenbe
pawòl li. Laza te vivan ankò.
Se sèlman Pitit Bondye a ki
te ka bay moun mouri lavi.



14

Anpil moun ki te wè mirak la te kwè nan Jezi. Men, genyen kèk nan yo ki t al di lènmi li yo sa — lidè tanp yo. Akòz jalouzi, yo te fè konplo pou touye Jezi. Lè Jezi te konnen sa, li te retire kò l ale nan rejyon ki toupren dezè a.



15

Jezi ak Laza

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jan 11

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

16

Fen

52



60

17

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

18